QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI
XALI`Q BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

QORAQALPOG`ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA`LIMI VAZIRLIGI

No`kis q. A.Dosnazarov k. 62 u`y, tel: 8(361)222-24-37, 222-24-23, faks: 222-98-30,
**web-site:** http://kkedu.uz, **e-mail:** qoraqalpogiston_xtv@xtv.uz

**«14» апрель 2021 j.** **01-04/03- 1862 - sanli**

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Әдиллик министлигине**

Сизиң, 2021-жыл 13-апрельдеги 25/2-3/424-санлы хатыңызда көрсетилген мәселерди тийисли тәртипте үйренип шығып, төмендегилерди мәлим етеди.

Әмиўдәрья районлық халық билимлендириў бөлимине қараслы 27-санлы улыўма орта билим бериў мектеби “Арнабойы” МПЖ аймағында жайласқан болып 1984-жылы 392-оқыўшы орынға мөлшерленип қурылған. Бүгинги күнде 642 оқыўшы билим алып келмекте.

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2019-жыл 26-ноябрьдеги ПҚ-4537-санлы қарары тийкарында Әмидарья районынан жәми 5 улыўма орта билим бериў мектеплери киритилегн борлып, соннан 27-санлы улыўма орта билим бериў мектеби 2021-жылдың Мәнзилли дизимине киритилген. Бирақ усы қарардың 5-бәнтине муўапық;

«тийкарғы параметрлер ҳәм мәнзилли бағдарламаларға Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2019-жыл 14-майдағы «Өзбекстан Республикасы Инвестиция бағдарламасын қәлиплестириў ҳәм әмелге асырыў, сыпаты жағынан жаңа системаға өтиў ис-илажлары ҳаққында»ғы ПФ-5717-санлы Пәрманына муўапық Инвестиция бағдарламалары шеңберинде тийисли өзгерислер ҳәм қосымшалар киритилиўи мүмкин» деп көрсетип өтилген.

Усы мүнәсибет пенен Сизден, Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 11-ноябрьдеги “2020-2023-жылларда Қарақалпақстан Республикасын комплекс социал-экономикалық раўажландырыў ис-илажлары ҳаққында”ғы ПҚ-4889-санлы Қарарына Әмиўдәрья районы 27-санлы улыўма орта билим бериў мектебин 2021-2023 жыллардың Мәнзилли дизимине қосымша киритиўге усыныс берилетуғынлығын мағлыўмат ушын қабыл етиўиңизди сораймыз.

**Министр** **Р. Реимов**

*Таярлаған: И.Балтабаев*
*Тел: (61) 222-95-13*